## Практически заняти

Шиннал сов дешдакъа долчу лаамазчу билгалдешнийн –ар, ор, -лер суффиксашца хуьлуш йолу чаккхе –а лач дожаршкахь д1айовш ю: юккъера-юккъерчу, йистера-йистерчу.

Доланиг дожарх хилла шишша я кхоккха цхьаьналела чолхе билгалдешнаш дефисца яздо: нохчийн-оьрсийн словарь.

Дош карладоккхуш кхолладелла чолхе билгалдешнаш дефисца яздо: жим-жима, керл-керла,сих-сиха.

Терахьдош, ц1ердош цхьаьнакхетарх хилла чолхе билгалдешнаш цхьаьна яздо: пхеашеран план, кхаадекъан кхаш.

Ц1ердош, билгалдош цхьаьнакхетарх хилла чолхе билгалдешнаш цхьаьна яздо: догц1ена стаг, догмайра пхьагал, догдика, догмола.

Мухаллин барам къастош долу чолхе билгалдешнаш а, шишша я кхоккха цхьаьналела мухаллин чолхе билгалдешнаш а дефисца яздо: к1арула-1аьржа, барула-можа, ц1ен-горга, юткъа-еха.

Мухаллин шина декъах цхьаъ къастош долу чолхе мухаллин билгалдош дефисца яздо: лекха-лоха, жима-йоккха.

**Упражнени № 1** Х1ара чолхе билгалдешнаш, къовларш д1а а йохуш, д1аязде. Шаьш яздинарг бакъонца ч1аг1де.

Жима(йоккха), нохчийн (ног1ийн), дог (ц1ена), ц1ен (къорза), уьстаг1ий (лелоран), зуда (беран), дог (дика), Дай (мехкан), лилула (сийна), даьхни (лелоран), таь1на (сийна), юьрт (бахаман), дог (карзахе), деа (шеран), дик (диканиг), сийлахь (воккха), чо (шера), чил (хьесан), юкъ )юкъа), юткъа (еха), докх (доккха), доц (доца), шича (маьхчин), бес (бесара), Шовхал (бердера), тайп (тайпана), бакх (баккхийнаш), тийна (таь1на), дог (майра) дог (мола).

**Упражнени № 2** Д1аязде кицанаш. Къовларшкара билгалдешнаш хила деззачу дожаре х1оттаде.

(Б1аьсте) мохо к1урз бохьу, (гуьйре) мохо к1ир бохьу. Буьйса (бода) мел хили а, седарчий серладовлу. (Вон) динан, (дика) динан санна, йорт хуьлу. (Гена) вешел (улле) лулахо тоьлу. (Г1ийла) т1ехула а ма хьежа, (тоьлла) хьала а ма хьежа. Доттаг1а (шира) тоьлу, керт (керла) тоьлу. (Обарг) юрт хилла меттиг бац. Лаьттах кадиттинчо (хьаьжк1а) дуо буьзна. (къаьхьа) ца диъча, (мерза) чам ца хиъна. (Да, нана) диканех хеназа хадар-дакъазавалар ду. (Г1ийла) къовсам (доккха) девнал оьшу.

**Упражнени № 3** Т1адамийн метта оьшшу чаккхенаш а йохкуш, т1ера схьаязъе. Билгалдешнаш нийсаяздар бакъонца ч1аг1де.

1) Басеш маь1-маь11ера, чопа санна, к1айеш, лай… чимех тера, шурула –к1ай… заза охьаэгош, дай…дегара бошмий… гаьннаш. 2) Цу юьрта юккъехь некъаца 1уьллу… ц1е… геригий… тхов болчу ворх1шер… школехь йоккха…перерывана горгали бийкира. 3) Йоккхах.. яра йоьалг1… классера пхийтта шо кхаьчна Берсанова Селита. 4) Колхозехь бешлелархо… болх дика барна гуттара Сийлал… уьн т1ехь яра Тавсолт… ц1е. 5) Оьрс…

мотт ледара хаахь а, нохч… мотт говза буьйцура цо, метт-меттахь шира дешнаш а, хаза кицанаш а далош. 6) Т1ехьа ладоьг1у кегийнаш-м синтем… Дауд, ойлан… Увайс, вукхузхьа эсал… Селита, кад… Нурседа, кхиберш а-сапарг1ат лаьттара. 7) Шай… юьрта бухакхаьчча а, кегийрх… б1аьргаш чохь данза дисина суйнаш догура, ткъа зудар… б1аьргаш чохь охьаэгаза дисина хи… т1адамаш лепалора. 8) Лекха … т1еeара юккъер… дег1ехь, эсала хьажар долу цхьа зуда. 9) Жима… йоккхаеш лаьттара йо1, корта жимма охьа а та1ийна. 10) Юьрт… Совет… председатело медпунктана, цкъачунна аьлла, гайтина ц1а сирла а, доккха а хетара, амма кор-не11ий, ц1енкъий, кир тоха дезаш дара. (М. Сулаев)

**Упражнени № 4** Чолхе билгалдешнаш нийса а яздеш, т1ера схьаязъе. Дийца, уьш цхьаьна я дефисехула яздан дезий муха хиира шуна.

1) Сийлахь (боккхачу) Даймехкан т1амехь шайгара майралла а, хьуьнарш гайтира вайн б1аьхоша. 2) Х1инццалц санна воцуш, син (гаттаме), оьг1азе а волчу цо, мелла а ойланашка ваьккхира вуткъа (веха) жима стаг. 3) Йоккха (к1айн) маж йолу Г1ура-Дада вара церан самукъадоккхуш, хаза йиш лекхначунна, дика хелхаваьллачунна совг1аташ деш, лелаш. 4) Даьхни (лелоран) госхозехь кхушара 2 миллион 300 эзар соьмана зен хиллехь, д1адаханчу шарахь ницкъ кхаьчна ахмиллион эзар соьмана пайда бан. 5) И ший а ойлане дийриг церан х1инцца голатухучу кхаьчна дахарх долу керл (керла) хеттарш т1етт1а г1иттон хаз (хаза) диканиг дахьа хан яра. 6) Амма цуьрриг дега (бааме) йоцу Белита, шен лилула (сийна) ши б1аьрг схьа а хьажош, тийна (таь1на) елаелира. 7) Лаьмнаш т1ехула схьахьоькхучу мохо кху юьрта а схьакхачийра т1еман муьста (къаьхьа) чам, шеца ша (тайпа) хийцамаш а бохьуш. 8) Бай т1ехь лепара бес (бесара) зезагаш: ц1елерг, алц1енз1ам, можа (ц1ен) доьра-з1ам, пацзезаг, тобалкх, пет1амат. 9) Шена хьалха диллинчу бошхепара дик (дика), хаз (хаза) 1аж схьа а оьцуш, бууш 1ара 1алсолта. 10) Дог (ц1ена) стаг вара 1ибади, цкъа, цхьанна воних дийр дацара цо, г1ийла (мискачунна) г1о (накъосталла) дан кийча а вара иза. 11) Цхьайтта (шеран) школа чекхъяьккхича юьрт (бахаман) институте деша вахара Нурди.

Тесты:

1.Билгалдош муьлха къамелан дакъа ду

\# г1уллакхан

\# ша лела

\# коьрта

2.Х1ун гойту билгалдашо

\# х1ума

\# билгало

\# масалла

\# рог1алла

3.Маса дустаран дарж ду билгалдешан

\#  ( 1)

\#  (5)

# (3)
# ( 4)
4.Муьлхачу билгалдешнийн хуьлу дустаран дарж
# юкъаметтигаллин
# мухаллин
# доладерзоран
5.Юьхьанцарчу даржехь долу билгалдош гайта
# лекхо лам
# мерзо 1аж
# лекха йо1
# ч1ог1а муьста хьач

6.Дустаран даржехь долу билгалдаш гайта
# оьзда к1ант
# лекха лам
# хаза г1иллакх
# можо к1ади
7.Т1ехдалан даржехь долу билгалдаш гайта
# хазо коч
# 1аьржо буьйса
# лилула-сийна бос
# оьзда йо1
9.Маса тайпане декъало билгалдош
# (4)
# (5)
# (3)
# (2)
10.Мухаллин билгалдешнаша х1ун гойту
# масалла
# рог1алла
# хан
# чам